



Pou Piblikasyon Imedya: 25/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOJÈ VENKÈ YO POU INISYATIV 10 MILYON DOLA REVITALIZASYON ANBA LAVIL PLATTSBURGH LAN

Ajans Eta yo Pral Kolabore ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la pou Revitalize Anba Lavil Plattsburgh lan, Kreye Travay epi Ankouraje Ekonomi Lokal la

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a pwojè venkè ke yo te seleksyone pou Vil Plattsburgh ki nan rejyon North Country kòm yon pati nan Inisyativ 100 milyon dola Revitalizasyon Anba Lavil eta a (Downtown Revitalization Initiative, DRI). DRI vize transfòme vwazinaj lokal yo atravè eta a pou vin tounen kominote ki dinamik kote pwochèn jenerasyon Nouyòkè yo pral vle viv, travay epi elve yon fanmi. Nan travay ansanm ak ajans eta yo ansanm ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la (Regional Economic Development Council), Plattsburgh te konstwi yon plan envestisman estratejik ki ap idantifye pwojè anba lavil katalitik yo ki konsistan ak objektif inisyativ lan yo.

“Envestisman sa pral ede favorize devlopman ekonomik nan Vil Plattsburgh ak alantou li, ki ap kreye yon anviwònman ki pral atire epi konsève jèn mendèv nou an, ankouraje kwasans ekonomik, epi kreye nouvo pòs travay pou fanm ak gason ki nan rejyon an”, **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè sa yo pral transfòme Plattsburgh nan sipòte kominote atistik ki ap devlope yo, ogmante aksè nan rivaj lan epi bay yon bourad pou biznis anba lavil yo.”

“Jèn moun yo te kòmanse vin enterese nan Anba Lavil Plattsburgh jan sa te pwouve pa yon kwasans 13 pousan nan fwaye yo ki oryante vè pi jèn yo ke mwayèn nasyonal la”, **se sa Gouvènè Adjwen Hochul te deklare, li menm ki te fè anons DRI an jodi a nan Plattsburgh.** “Atravè DRI an, Plattsburgh pral amelyore aksè nan devan rivyè li an, envite devlopman distrik rivaj li an, epi amelyore eksperyans pyetonal la, pran avantaj de lokalite li nan Adirondacks ak enpòtans istorik inik li nan konstwi fòs li kòm yon destinasyon touristik ak yon gwo kominote pou jèn moun ki ap elve yon fanmi yo.”

10 pwojè venkè yo se:

- **Devlopman Miltifonksyon Durkee Street lan:** Redevlope espas pakin Durkee Street ki sitiye santralman, ogmante aktivite komèsyal ak rezidansyèl, retounen espas la bay woulman enpo yo, epi konekte pi byen anba lavil istorik ak rivaj lan. Devlopman espas lan pral akonpli atravè yon patenarya piblik-prive, epi yo ka

enkli anviwon 45 kay rezidansyèl ak 47,000 pye kare espas komèsyal ki pral konpleman te karaktè anba lavil Plattsburgh an.

- **Enkibatè Manje:** Kreye yon ti, “pop-up” oswa kwizin tanporè ak espas lavant an detay ki konekte ak resous ak ekspètiz biznis North Country Food Co-Op. Enkibatè an pral sipòte nouvo biznis manje prepare oswa ki ap devlope nan anba lavil lan ki ap bay koneksyon ki fasil nan ekipman ak kwizin komèsyal pataje an, menm jan ak aksè nan yon baz kliyan potansyèl yo ki deja jwenn patwonaj Co-Op.
- **Kwizin Komèsyal Ki Pataje:** Kreye yon espas kwizin komèsyal pou sipòte pwofesyonèl ak ti biznis manje Plattsburgh yo pou kwit, pwosede, epi anbale pwodwi manje ak boulanjri yo. Espas ki komòd pral sitiye, renouvle, epi konfòm ak ekipman komèsyal ak kwizin pou itilizasyon pa òganizasyon, fèm lokal yo, ak lòt yo.
- **Ranfòse Ekipman Devan Rivyè yo:** Amelyore aksè devan rivyè nan pwen kle yo pou ranfòse koneksyon nan anba lavil lan, ogmante opòtinite rekreatif yo, epi mete aksan sou atou natirèl Plattsburgh yo. Amelyorasyon yo pral enkli kreyasyon yon Twotwa Devan Rivyè an, modènizasyon nan pak MacDonough Park, kreyasyon yon nouvo pozisyon vizyèl ki pwojete sou rivyè a, ak yon lansman kayak pou kreye yon pwen aksè fòmèl nan rivyè a epi bay espas pou yon sèvis kayak.
- **Distrik Rivaj Dock Street:** Prepare materyèl pou envite devlopman prive nan Distrik Rivaj Anba Lavil lan. Yo pral lanse yon apèl dòf pou envite devlope yo pwopoze nouvel itilizasyon pou Distrik Rivaj Dock Street lan ki pral konekte abitan ak vizitè yo nan rivaj la ki nan nwayo istorik vil lan.
- **Amelyorasyon Peyizaj Iben Anba Lavil yo:** Amelyore peyizaj iben anba lavil lan ak esperyans pyeton ak investisman yo nan lari kle yo ak zòn kote moun ka mache yo. Pwojè an enkli elaborasyon ak konstwiksyon amelyorasyon peyisaj iben yo nan senk lari ki nan anba lavil lan, devlopman aksè ki pwoteje pou bisiklèt ak pyeton sou pon Veterans Memorial Bridge ki konekte anba lavil Plattsburgh ak vwazinaj yo nan lès rivyè Saranac River an, ak transfòmasyon yon espas laj ki pa itilize pou vin tounen yon pak anba lavil ki aktif.
- **Finansman pou Amelyorasyon nan Rezidansyèl Anba Lavil, Lavant an Detay ak Otèl yo:** Bay yon finansman sibvansyon pou ankouraje reyabilitasyon ak devlopman anba lavil la. Sibvansyon yo pral vize devlopman otèl/komèsyal ak rezidansyèl etaj anlè yo, amelyorasyon fasad yo, redevlopman espas lavant an detay, ak sipò ti biznis yo.
- **Fè Vanse Estidyo Èv Atistik & Inovasyon:** Devlope yon Estidyo Èv Atistik & Inovasyon nan Strand Cultural Center. Bay espas fizik pou etidyan yo, antreprenè ki kreyatif, ansanm ak lòt manm kominote yo. Enstale ekipman ak pwogram enfòmasyon ki pral ankouraje eksperyans epi sipòte pwogramasyon edikatif atravè divès disiplin.
- **Estrateji Komèsyalizasyon, Pwojete Imaj & Siyalizasyon:** Reyalize yon estrateji komèsyalizasyon, pwojete imaj ak siyalizasyon ki kowezif. Komèsyalizasyon anba lavil ki vize yo pral ranfòse idantite ak vizibilite Anba Lavil Plattsburgh, epi siyalizasyon ak pano oryantasyon ki amelyore yo pral atire atansyon nan atou kiltirèl ak istorik yo, menm jan ak ekipman vizitè yo.
- **Komèsyalizasyon, Pwojete Imaj & Amelyorasyon Kapital nan Strand Center:** Finanse investisman kapital yo nan teyat Strand Center Theatre, epi sipòte jefò komèsyalizasyon ak piblisite estratejik yo. Teyat Strand Center

Theatre an atire anviwon 10,000 vizitè nan anba lavil Plattsburgh ak pèfòmans an dirèk yo. Achèvmman nesesite kle yo pou kapab retabli totalman teyat istorik lan ak sipò pou materyèl komèsyalizasyon ak piblisite yo sa pral ogmante kantite vizitè anyèl yo a yon estimasyon 25,000 moun.

Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan New York, te deklare, “Vizyon Gouvènè an ap pote opòtinite ekonomik ki ranfòse pou kominote atravè Eta New York yo. Envestisman Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil sa pral atire epi kenbe moun nan eta nou an. Anba Lavil Plattsburgh pral fleri ak nouvo pwojè yo ki pral pote yon nouvel vitalite nan zòn nan pou ede fanmi ak biznis yo devlope ansanm pou jenerasyon ki ap vini yo.”

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kominote ak Kay yo nan Eta New York (NYS Homes and Community Renewal), te deklare: “Pwogram DRI Gouvènè Cuomo an te kreye pou rekonèt epi rekonpanse pi bon kwasans lokal, ki byen planifye ki ap antisipe epi balanse nesesite pou abitan aktyèl yo ak pwomès nouvo devlopman multifonksyon. Nan ede kominote yo tankou Plattsburgh anbake sou yon wout renouvèlman, nouvel opòtinite lojman ak anplwa yo, anrichisman atistik ak rekreyatif yo, epi kreyasyon yon kominote ki pi vivab epi pi atiran sa ap garanti yon avni ki pi vital pou tout Nouyòkè yo.”

Senatè Betty Little te di: “Mwen ekstrèmman kontan dèske Vil Plattsburgh se benefisyè finansman sa ke mwen konnen pral ale lwen pou transfòme ekonomi anba lavil lan. Mwen sèten ke nou pral wè pi plis aktivite ekonomik ki pral benefisye biznis lokal yo epi amelyore eksperyans vizitè ak abitan lokal yo.”

Billy Jones, ki se Manm Asanble, te deklare, “Prim Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la te pote sipò finansye nan North Country ke nou, isit lan, te deja konnen gen vyabilite ak pwomès. Apwouvasyon pwojè sa yo ap kontinye wout annavan ke anpil moun nan kominote nou an te travay di pou fòje an. Mwen espere wè pwojè sa yo vin reyalye ap pwosperite ekonomik ke li pral asireman pote pou rejyon nou an.”

Colin Read, ki se Majistra Vil Plattsburgh, te deklare, “Gouvènè Cuomo te bay Vil nou an yon opòtinite inik nan lavi pou kapab reyevante anba lavil nou an epi mete aksan sou atou ki kache nou yo. Pwojè yo ki pral transfòme fason nou itilize espas Durkee Street lan, jan nou ka estimile kreyativite antreprenè anba lavil yo, jan nou ka aksede a rivyè ak lak nou an, ak jan nou ka asoupli atou istorik, kiltirèl ak komèsyal nou yo pral pèmèt vil nou an viv ak yon vizyon ki ap kontinye ogmante atikile. Plattsburgh se yon kote etonan ki ka reyalye finalman tout richès ke li gen pou ofri, nan bote, istwa ak kilti.”

Vil Plattsburgh

Vil Plattsburgh sitiye nan Lake Champlain ki nan pati nòdès Eta New York anviwon 32 kilomèt nan sid Fwontyè Kanadyèn lan. Nan lwès Plattsburgh genyen 2.5 milyon ekta tèren ki rele Adirondack Park ki genyen montay Adirondack Mountains fame an. Genyen plis pase yon santèn somè, ki klase ant mwens ke 1,200 rive plis pase 5,000 pye an altitud. Plattsburgh te fonde pa Zephaniah Platt an 1785 epi li se lakay pou anviwon 19,000 moun. Plattsburgh te kote ki te gen yon seri evènman istorik. Evènman sa yo enkli Batay Valcour Island nan Lagè Revolisyonè a ak Batay Plattsburgh nan

Lagè 1812 lan.

Vil Plattsburgh pare pou transfòme an yon kominote 21yèm syèk ki konpetitif sou plan rejyonal pandan ke l'ap mentni esans pitorèsk ti vil li an. Sou DRI an, Plattsburgh pral konsantre sou pwojè ki nan zòn anba lavil la yo ki pral favorize investisman prive konsiderab pou fè pwomosyon dirabilite, epi redwi anprent kabòn vil la, bay nouvell opòtinite lojman yo, epi elaji potansyèl ekonomik li antan ke yon sant rejyonal pou kilti ak komès.

Yo te chwazi Plattsburgh kòm kominote DRI venkè apre ke Konsèy rejyonal lokal la te konsidere sèt kritè pandan ke l'ap chwazi Plattsburgh kòm venkè li:

1. Katye ki vize a dwe konpak epi byen defini.
2. Anba lavil la, oubyen sant li, ta dwe ase gwo pou jere yon anba lavil aktif pandan tout ane a; li ta dwe gen yon popilasyon ki la deja oubyen k ap ogmante ki pa twò lwen, ke anba lavil sa a ap sant prensipal la.
3. Anba lavil la ta dwe kapitalize sou investisman prive ak piblik ki nan katye a epi ak sa ki pa lwen, oubyen atire investisman sa yo.
4. Ta dwe gen yon ogmantasyon nan kantite djòb resan, oswa k ap vini, oswa tou pre anba lavil la ki ka atire travayè, soutni redevlopman epi fè devlopman an dirab.
5. Anba lavil la dwe gen imèb oubyen karakteristik ki kontribye, oswa ki ta ka kontribye a atraksyon epitou ki fasilite lavi anba lavil la, si yo amelyore yo, ki se, prezans espas miks yo ka devlope, lojman nan diferan nivo pri ak stil, ri komèsyal prensipal pou biznis ak komès detay, ki enkli mache pou manje ki bon e ki pa koute chè, kote pou moun mache ak woule bisiklèt, epi plas piblik ak kote pou moun rasanble.
6. Anba lavil la ta dwe genyen oubyen endike kijan li ka kreye règleman ki fasilite kalite lavi, ki enkli bank kredi agrikòl lokal, kòd iben modèn, plan lari konplè oswa devlopman ki akse sou transpò; epi
7. Dwe gen sipò lokal ak kominotè pour revitalizasyon anba lavil la. Lidè lokal yo ak entèvenan yo dwe pran angajman pou elabore epi aplike yon plan investisman stratejik pou anba lavil la.

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil la ak kijan pou aplike pou dezyèm faz li an, ale sou: <https://regionalcouncils.ny.gov>.

###